

ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen lè li vle yon bagay, menmen li kay doktè regilyèman epi chwazi yon bon kote pou ou bay gade li. Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann reyalize.

Telephone 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon www.bayopliskonesansrenmenyo.plis.org



Pare pou aprann: Ede pitit ou debite byen (Premye pati nan seri a)

Men ki kote ki pote enfòmasyon Enfòmasyon sa yo se Reach Out and Read Miami, ki afilye ak Depatman Pedyatri, nan Boston Medical Center, Boston University School of Medicine.

Men kouman ou ka amelyore chans pitit ou genyen pou l gen siksè nan travay lekòl li anvan l met pye nan yon sal de klas. Men fò w kòmanse bonè.

« Alfabetizasyon » Se kapasite yon moun pou l aprann li ak ekri, se depi nan premye ane nan lavi timoun yo dwe plante jèm sa yo nan yo, lontan anvan yo gen kapasite pou yo li yon liv oubyen ekri non yo. Lè yon timoun kòmanse fè esperyans ak liv epi rakonte istwa bonè sa gen rapò ak siksè li pral gen lekòl pita. Lè yon timoun pase bon moman ap li yon liv ki gen anpil koulè oubyen y ap chante ti chante timoun sa fè yo aprann ladrès ki nesèsè pou yo aprann li ak ekri k ap titil yo pou tout vi yo.

Pwogram lekti « Reach Out and Read », se yon pwogram nasyonal, ki ede fanmi yo ak kominote yo ede timoun aprann ladrès yo bezwen pou yo aprann li

ak ekri yo ka antre lekòl tou pare pou yo bay bon rezilta. Gen 15 klinik pedyat k ap bay timoun liv lè yo vin nan konsiltasyon epi y ap bay paran yo enfòmasyon sou kouman yo ka ede pitit yo aprann li ak ekri. Klinik sa yo ap reyalize travay sa an kolaborasyon ak Lekòl Medsin nan Inivèsite Miami.

Men kèk sijasyon sant « National Reach Out and Read Center » a.



Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann reyalize.

MISSION NOU: Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektiyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Inside:

- Mande yon espè kèk kesyon.....2
- Gòjfemal.....2
- Kèk bagay ou ka reflechi sou yo.....3
- Trankilite lakay nou: Ede timoun yo di sa yo vle pou kont yo.....3
- Art Corner: Kanaval.....4
- Participating Reach Out and Read Miami Sites.....4
- Kalandriye Aktivite yo.....4

Laj	Pitit ou kab rive fè travay sa yo:	Men sa ou ka fè pou w ankouraje timoun anprann li ak ekri bonè:
6-12 mwa	Lonje men pran yon liv, chita sou janm ou epi kenbe tèt li dwat, fè bri tankou l ap pale, manyen foto yo, vire paj liv la lè w ede li, mete liv nan bouch li.	<ul style="list-style-type: none"> • Kenbe pitit ou yon fason ki konfòtab epi pale avè li fas a fas. • Suiv siyal tibebe a ba wou. Si tibebe w la sanble li fatige oubyen gen twòp aktivite k ap pase devan li, chèche yon kote ki an pè pou li, fè l pran yon ti repo. Si je tibebe a kle epi li vle jwe ak lot moun, kontinye li pou li. Rakonte tibebe w la kouman jounen w pase. Chante yon chante li renmen. Tibebe yo gen dwa pa konprann mo yo, men yo aprann mo yo pandan y ap koute ou. • Tibebe renmen liv ki gen anpil koulè. Chèche liv ki solid pitit ou ka feyte san danje. Nan laj sa a, liv ki gen youn oubyen de mo ladan yo se yo ki pi bon. • Lonje dwèt sou foto ki nan liv la epi nonmen non foto ou wè yo. Tibebe renmen gade foto lot tibebe, lot figi ak foto bagay yo abitye wè.
12-18 mwa	Kite yo ede w kenbe liv yo : vire paj liv an katon yo: lonje dwèt sou foto ak yon dwèt, lonje dwèt sou foto yo lè yo made w "Ki kote ___ ye?", yo vire liv la tèt anba: yo lonje liv la ba yon granmoun pou li li l pou yo, yo nonmen non foto yo abitye wè.	<ul style="list-style-type: none"> • Fè aktivite lekti yo enteresan pou wou ak pitit ou. Chèche yon kote nan kay la ki konfòtab pou fè lekti, chita pre ansanm oubyen mete pitit ou chita sou janm ou, epi pran pizè nou ansanm pandan tan sa a. • Li ansanm ak pitit ou chak jou. • Timoun piti paka ret anlasp pou lontan. Pa fòse yo chita ap li lè lè a rive. Si timoun nan fatige oubyen lekti a pa enterese l, eseye anko yon lot lè oubyen yon lot jou. • Lè ou poze pitit ou kesyon sa ka fè l vin pi enterese li liv yo. Poze yo kesyon tankou « Kote ___ ? » epi ankouraje pitit ou pou l lonje dwèt sou sa ki nan liv la epi pou l vire paj yo. • Si pitit ou pa nonmen non yon bagay byen, pa kritike l pou sa. Ou ka di li, « Wi, sa sanble ak yon chen. Men se yon chat. » • Li ka pi bon pou koumanse li liv ak yo nan fen jounen an. Fè lekti dwe yon aktivite espesyal ki mennen paran ak timoun ansanm epi sa ka vin yon bon abitud pou pitit ou nan woutin li pou l al dòmi chak swa.

Si ou ta renmen resewa ti journal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111



Mande yon espè kèk kesyon

Doktè Debbie Glasser, Ph.D., direktè sèvis sipò pou fanmi nan Mailman Segal Institute for Early Childhood Studies nan Nova Southeastern University epi se li ki otè "Positive Parenting," yon atik ki parèt chak semèn nan *The Miami Herald*, se li prepare atik sa a.

Kesyon :

Ptitit mwen gen 4 an epi l ap bay manti. Sa enkyete mwen epi mwen ta renmen konnen sa m ka fè pou sa.

Repons :


Nan premye ane timoun, sa rive souvan pou yo egzajere nan sa yo di, yo bay manti, yo kreye istwa pa yo epi yo rakonte yon pakèt pawòl. Sa pa dwe enkyete w.

Gen de fwa timoun piti konn bay manti pou yo pa pini yo lè yo fè yon bagay ki mal. Kèk lòt fwa, timoun piti vire pawòl yo paske yo vle pou moun pòte atansyon a yo. Gen de fwa timoun egzajere nan sa yo di oubyen yo ka rakonte istwa ki dwòl paske yo pran plezi sèvi ak pawòl yo aprann ak bèl imajinasyon yo genyen pou yo rakonte kèk istwa.

Pa bliye, timoun ki poko antre lekòl ap aprann fè diferans ant sa ki reyèl ak sa ki pa reyèl. Ptitit ou ka kwè nan manti oubyen nan pawòl l ap rakonte yo.

Men kèk bagay ou ka fè pou w ankouraje pitit ou vin onèt pandan l ap grandi:

- Si ou remake l ap anbeli pawòl li pou moun ka pòte atansyon a li, asire ou pòte atansyon a li pandan jounen an, espesyalman lè l ap fè yon bagay ki kòrèk.
- Si se imajinasyon li ki kreye manti yo, ba l chans pou l pran plezi nan jwe jwèt tankou se yon lòt moun li ye ak chans pou l rakonte istwa. Tanzantan ede l konprann diferans ki genyen ant sa li imajine ak sa ki reyèl lè w di "Ala yon bèl istwa ou fè la a." Oubyen, « Sa ta enteresan si nou ta gen yon jiraf devan pòt kay nou an ! »
- Si l bay manti pou yo pa pini li, eseye korije li pou jan li aji a olye pou w fòse l admèt ki manti li bay. Paregzanp, si pitit fi ou di w se pa li ki kraze po flè ki nan salon an se zanmi l ki envizib la ki kraze li, evite pale avè l sou jan li pa onèt. Pito ou di li, « Mwen te wè w ap jwe ak boul la anndan kay la, mwen kwè se sa ki fè po flè a kraze. Apati jodi a, se deyò pou w jwe ak boul la. »
- Lè pitit fi w la vin onèt epi li kòmanse di w laverite, fè l konnen kouman ou fyè de li. Sa ap ankouraje l vin pi onèt plis l ap grandi.
- Se nan gade sa granmoun fè timoun aprann. Se pou w onèt ak lòt moun epi evite bay manti, « menm si se yon ti manti. » Sa ka touble yon timoun k ap aprann kouman pou l onèt ak lòt moun.

Bay manti epi rakonte istwa ki pa sa, se yon faz anpil timoun pase nan ane anvan yo antre lekòl. Ptitit fi ou ka grandi pou l vin yon timoun ki toujou di laverite epi ki onèt lè ou ede li. Men, si pitit ou ap bay manti souvan, epi l toujou gen yon istwa l ap rakonte tankou gen timoun k ap atake li oubyen gen lòt k ap fè l dimal, oubyen si gen kèk lòt bagay ki enkyete ou sou fason li aji yo, mande pou yon moun ki konn trete pwoblèm mantal timoun pou ede w. 



Gòjfèmäl

Men ki moun ki prepare enfòmasyon sa a:
Lee M. Sanders, MD, MPH, University of
Miami/Jackson Memorial Hospital Depatman
Pedyatri.

Timoun ki gen mwens pase 6 an, se grip ki pi fè yo gen enfeksyon nan gòj. Pi bon tretman an se ba yo bon jan likid fre pou bese doulè yo, ba yo krèm sou ti baton oubyen asetminofin (Tydenol). Lafyè se bagay ki komen, men li pa dwe dire plis pase 3 jou.


Enfeksyon nan gòj ki rele ann Angle « Strep Throat » la, li pa pi lakòz gòjfèmäl pase sa. Timoun ki gen kalite gòjfèmäl sa a, gen glann anfle nan gòj yo, lafyè 102 degre Farenayt (38.9 degre sèlisyis) epi yo gen pi nan gòj yo. Men lòt sentòm yo, tèt fèmäl, vant fèmäl, ak yon gratèl sou po ki sanble ak yon ti papye sable. Enfeksyon nan gòj se bagay pou trete ak antibyotik pou anpeche lòt kalite pwoblèm sante pidevan nan lavi timoun nan.


Si nen pitit ou ap koule epi l ap touse pandan gòj li ap fè l mal, li pa gen « enfeksyon nan gòj » epi li pap bezwen yo teste l pou sa. Si w mete youn yon ponp ki bay ti vapè frèt nan nan chanm timoun nan sa ka ede li.

Anpil nan klinik pedyatri yo ken yon egzamen yo ka fè rapid pou detekte enfeksyon nan gòj. Doktè a ap peze anndan gòj la ak yon kitip tou piti pou l fè egzamen sa a. Si rezilta egzamen an nòmal, doktè a ka voye yon echantiyon pou yo teste, rezilta yo ka pare an 24 è. Si rezilta echantiyon an nòmal toujou, antibyotik pap ka fè anyen epi yo pa dwe preskri timoun nan antibyotik.

Si egzamen enfeksyon pitit ou a pozitif, pedyat la ap preskri yon antibyotik pou timoun nan pran pa bouch oubyen tankou yon piki. Si yo bay pitit ou medikaman an nan bouch, li enpòtan pou l pran li pandan tout 10 jou yo, menm si sentòm yo diminye oubyen timoun nan pa santi yo ankò. Si yo pa trete enfeksyon nan gòj sa, sa ka bay timoun nan lafyè rimatis, se yon maladi ki afekte tout jwenti yo ak kè a.

Likid ki frèt, krèm sou ti baton ak medikaman kont doulè tout bagay sa yo ka soulaje doulè enfeksyon nan gòj pitit ou a menm jan yo ka ede lòt doulè nan gòj ki komen.

Si pitit ou a sanble li malad grav oubyen si l gen pwoblèm pou l respite oubyen pou l vale, telefone doktè a tousuit. 



Kèk bagay ou ka reflechi sou yo

Se Sheah Rarback M.S., R.D., ki travay nan " Mailman Center for Child Development nan University of Miami" ki prepare atik sa a.




Nou tout abitye tande kouman dejene se repa ki pi enpòtan nan jounen an. Sa se yon verite, espesyalman pou timoun. Sevo a bezwen enèji pou l grandi, epi pou l aprann, enèji sa a soti nan dejene a.


Dapre etid ki fèt, timoun ki manje byen lekòl bay pi bon rezilta nan egzamen lekòl yo. Lè timoun grangou, dabitid yo pi dezagreyab epi yo pa ka pòte atansyon pou lontan, yo pa aji menm jan lè yo byen manje. Timoun ki manje dejene gen plis chans pou yo gen vitamin ak mineral ki enpòtan nan kò yo.

Kòmansè jounen an ak yon dejene ki bon pou sante chak jou se pi bon abitud nou ka ede pitit nou genyen.

Fanmi ki okipe anpil fè konnen yo pa gen tan pou yo prepare dejene pou timoun yo lematen. Achte bagay ou ka prepare rapid ki bon pou lasante mete la pou w ka prepare dejene rapid lematen, manje tankou sereyal ki pa gen anpil sik ak lèt, waffles ki konjle, ak ji, oubyen fomaj ak fri. Achte manje nourisan, pa achte manje ki gen twòp sik. Men kèk resèt dejene ki fasil pou fèt epi ki rapid :

- yogout, pen griye ak ji.
- Fomaj ak fri ak pen nwa griye.
- Yon ji melanje – yogout, fri ak lèt.
- Pen plat plen ak ze ak sòs salsa.
- Avwàn ak fri ak kanèl an poud ak lèt.
- Menm manje ou te sere depi yè ka sèvi pou fè yon dejene rapid ki bon pou lasante.

Sa ka pran tan pou w vin abitye manje dejene lematen, men avantaj yo vo lapenn. 



Trankilite lakay nou: Ede timoun yo di sa yo vle pou kont yo

Tèks Diane Carlebach pou Fondasyon Peace Education Foundation.

Menm jan avè w, timoun ou a ap fè esperyans yon pakèt ak yon bann santiman lakay li. Men tou, aladiferans ou menm, pitit ou a toujou ap aprann ki jan pou l pale di sa l santi epi fè lòt konnen sa k nan kè l.

Paske timoun sa yo toujou nan kontinye devlope langaj yo, yo gen dwa olye yo pale pou yo di sa yo santi, se aji yo aji. Kòlè, kout pwen, kout pye, kout dan ak lòt konpòtman, gen dwa se fason sa a pitit ou itilize pou l ka fè w konnen sa l santi.

Ou kab ede pitit ou a pale pou l di sa l santi, pi byen. Ou gen pou pasyan avèk timoun nan ; sa a se yon kapasite ki pran tan pou moun aprann.


Sèvi kòm egzanp. Ou se yon modèl ki enpòtan pou timoun ou. Veye fason ou menm w ap esprime santiman pa w. Ki sa w fè lè w santi w fache? Tris? Kontan? Pitit ou ap aprann etan l ap gade jan w aji.

Make sa w santi. "M santi m kontan lè n ap jwe ansanm." "m santi m tris lè Granmè malad e m vle pou l geri." Lè w make sa w santi, sa ede pitit ou rekonèt sa l santi epi pou l pale di lòt moun sa l santi yo.

Koze sa a ka parèt etranj si ou pa t janm make sa w santi anvan. Ou kab pratike bagay la ak ti pawòl senp ki nan fòm sa a : "Mwen santi m _____ paske _____."

Vini ak mo "ki pale de sa moun santi". "Mwen wè ou kenbe zòrèy ou. Sa efreyan lè loraj ap fè gwo bri. Ou kab di : 'Mwen pè.' " Oswa, "Ou sanble w tris paske lè jwèt la fini. Ou kab di : 'M tris paske Sofia oblije ale kite m.' " Sèvi ak pawòl senp ki fasil pou moun konprann.

Apiye santiman yo. Tout sa w santi se bagay ki kòrèk – men se sa nou fè ak sa n santi yo ki enpòtan. Mete anpil renmen ak limit ki apwopriye nan konpòtman yo, lè w ap apiye santiman pitit ou a. Pa egzanp, si pitit ou a bay yon ti zanmi l kou paske zanmi an pran jwèt li nan men l, fè pitit ou a konnen sa nòmal pou l pa kontan men sa pa nòmal pou fè lòt moun mal.

Lè w ap apiye santiman pitit ou a, ou montre w renmen l epi w asepte l jan l ye a. Epi ou mete etap pou pitit ou a aprann ki jan pou l kontwole l lè l pran desepsyon, ki jan pou l debouye l ak defi yo epi ki jan pou l antann li ak lòt. 



Visite su biblioteca local para encontrar los libros, actividades y otras ideas que ayuden a su niño a aprender a leer y escribir. Para encontrar una biblioteca cerca de Ud., llame al 305-275-2665 o conectese al www.mdpls.org.

Si ou gen yon pitit ou sispèk ki yon ti jan retade mantalman oubyen li andikape, tanpri kontakte doktè ou oubyen kontakte kote sa yo: Si yon timoun gen 0-3 an: Pwogram pou ede timoun bonè Nan nò: (305) 243-5600
Nan sid: (786) 268-2611 Si yon timoun gen 3-5 an: FDLRS/Lekòl Leta
Miami-Dade yo (305) 274-3501.

Art Corner: Kanaval

Aktivite sa a, moun ki pote l pou ou se Kristin Read ki nan Sant pou Timoun piti, ki nan Mize pou Timoun nan Miami (Miami Children Museum's Early Childhood Center).

Brezil, Trinite ak kèk lòt peyi toupatou sou tè a ap fete sezon kanaval yo. Nan peyi Brezil, moun k ap patisipe nan kanaval yo pase tout ane a ap kreye bèl kostim, epi yo pratike bon jan dans pou yo ka monte sou cha ak paran yo ak zanmi yo, pou gwo parad Kanaval. Ane sa a, patisipe nan fèt la epi fè yon mask kanaval ak pitit ou a ki nan preskolè a ki gen imajinasyon pou sa.

1. Koupe yon gwo asyèt an papye, fè l fè de mwatye. Koupe bò ki dwat nèt la, yon fason pou l ka fè fòm nen pitit ou a, sa ki va pèmèt li respire san pwoblèm, epi fè de twou nan plas je yo tonbe a. fè yo ase laj pou timoun nan ka wè, lè l mete mask la.
2. Chèche lakòl, moso papye plizyè koulè ak lòt materyèl ki ka pèmèt timoun nan dekore mask la. Travay ak plizyè koulè ak plizyè kalte papye. Lè w ap bay timoun piti materyèl pou fè atizana, toujou fè yon jan pou gen yon granmoun ki la pou sipèvizè l epi chèche asire w materyèl sa yo apwopriye pou laj pitit ou a.
3. Oumenm tou fè yon mask pou tèt ou. Moun plis pran plezi nan parad yo, lè tout moun patisipe ladan. Jwe mizik fèt, pran mask ou epi amize n ansanm nan yon parad Kanaval ki fèt lakay nou.



Participating Reach Out and Read Miami Sites



Jackson Memorial Hospital
(305-585-7456; 305-585-5954)

Juanita Mann Health Center
(305-694-2900)

Dr. Rafael Penalver Clinic (305-545-5180)
UM/Mailman Center (305-243-3819)

North Dade Health Center
(305-621-8888)

Rosie Lee Wesley Health Center
(305-669-6909)

Liberty City Health Center (305-835-2200)
Kid Care Pediatrics (305-821-1600)

UM Pediatric Infectious Disease & Immunology
(305-243-4445)

Miami Children's Hospital Continuing Care
Center (305-669-6505)

UMDC Pediatric Associates
(305-243-7570)

Jefferson Reeves Sr. Health Center
(305-577-0093)

Doris Ison Health Center (305-252-4852)
MLK Jr. Clinica Campesina (305-242-6017)

Miami Hope Center (305-329-3021)
Guardian Health Center (305-438-9461)

Kalandriye Aktivite yo

Ou envite pou vini.

Pandan 2 vandredi nan aswè: antre lib – nan Mize pou Timoun ki nan Miami

19 Mas ak 16 Avril • 6:30 p.m. – 8:30 p.m.

Vini ak fanmi w twazyèm vandredi chak mwa, san w pa peye anyen, pou patisipe nan aktivite nou genyen nan Mize pou Timoun, ki nan Miami. Gen nouvo espozisyon nou an tou, Brezil, w ap kab wè. Fè yon pwomnad desann nan Avenida Atlantica, anndan Rio de Janeiro, kreye pwòp parad kanaval pa w epi vizite yon vilaj Amazon. Nan espozisyon sa a, ki yon anvwonman kiltirel plis achitekti ak lanati, vizite yo ap kapab patisipe nan yon seri aktivite pratik, tankou dans, mizik, atizana, ak fèt.

Patisipe Nan ti Jounal sa a...

Voye: foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon.

Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi.

• Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo.

• Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye"
(Teachable Moments) lan .

Voye lèt bay: The Early Childhood Initiative Foundation, 3250 SW Third Ave, Miami, Fla 33129.

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye jounal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation (646-7229) Ak United Way Success by 6 (305-860-3000)

De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Miami-Dade School Readiness Coalition) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvizè pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County.

Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

Edite ti jounal sa a se:

Ana de Aguiar (305-646-7230)

Moun ki nan komite revizyon jounal sa a se:

Dr. Debbie Glasser



**3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129**

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665